КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ щэнхабзэ Іэнатіэм зегъэужьыным теухуа зэІущІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм хэтхэм яІущащ. Абы къриихьэлІащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. Т., КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзэкъуэ М. М., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хьубий М. Б., КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ М. П., КъБР-м финансэмкІэ и министр Лисун Е. А., КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Тюбеев А. И., Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщі Ахъуэхъу Т. Б.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуэхэр гъэззэщІа зэрыхъум, щыхэплъащ щэнхабзэ Іэнатіэм и бюджет Іэхэущіапіэхэм щылажьэхэм я улахуэхэм хэгъэхъуэным, цІыхухэм ябгъэдэлъ зэчийм зегъэужьыным теухуа Іэхэухэм.

Гупылтэ щхьэхуэ хуащІащ КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ ильэси 100 зэрырикъур гъэльэпІэным зыхуэгъэхьэзырыным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІыну зэхалъхьахэм зэрехьулІэм, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым музейхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм я лэжьыгъэр щегъэфІэкІуэным.

КІуэкІуэ Казбек зэІущІэр къыщыхэзІуихым и гугъу ищІащ эпидемиологие цытыкІэр дэнэ щыпІи зэрыщымыщІагъуэм къыхэкІыу иджыпсту дуней псом япэ щрагъэщІыр коронавирус узыфэмебэныным пыщІа Іэхэухэрауэ зэрыщытыр, абы къыхэкІыуи щэнхабзэ Іэхэу куэдым я пІалъэхэр игъэлэпхъэуэн хуей зэрыхъуар е зэрырамыгъэкІуэкІыххар.

Апхуэдэу щытми, къыхиГэщащ щыналъэм и Іэтащхьэм, COVID-19-м пыщІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ щытыкІэр я нэІэ щІэтщ, гъэулъпІэ 300-м щІигъу нэщІу яІащ. ГъащІэм пещэ икІи сыт щыгъуи гулъытэ хэха зыгъуэтхэм ящыщу къонэж республикэм и жылагъуэм зегъэужьыным екъэлІа Іэхэухэр. Абыхэм ящыщ зыщ щэнхабзэрэ. Щэнхабзэм екъэлІа лэжьыгъэм и мыхьэнэм нэхъри хохъуэ мы зэманым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэси 100 зэрырикъур гъэльэпІэным 2022 гъэм я мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и флагъэхэр, Урысей Федерацэм нэхъ зызыужь и щыналъэхэм ар зэращыщыр къагъэльагъуэу, абы уцыпсэун папщІэ тыншыпІэ псори зэрящыІэр, зыбгъэпсахуну, уи нэгу зыщебгъэужьыну зихуэдэ щымыІэу зэрыщытыр хэІущІыІуэ щыным хуэгъэза Іэхэухэр зэфІагъэкІыну.

Яубзыхуахэм хэтщ КъБР-м и щэнхабзэ Іэнатіэм и къарал, муниципалнэ Іэхэущіапіэ 38-рэ зэрагъэпэщыжыныр, абыхэм ящыщщ театррэ концерт щат утыкуу 4, библиотекэу 7, музейуэ 6, Щэнхабзэмкіэ унэу 18, Цыхубэ Іэпщіэльапщіагъэм щыхуагъасэ центрыр, нэгъэщІэхэри.

Апхуэдэуи музейхэм я материально-техникэ лъабжьэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іэхэухэри зэфІагъэкІ. КъБР-м и Лъэпкъ музейр сыткІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІащ, Республикэ бюджетым и мылъкуКІэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Зыхъумэжьныгъэмкіэ музейуэ Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэр.

Гъэльэгъэныгъэхэр къызэгъэпэщыным, музейхэм я лэжьакІэр егъэфІэкІуэным я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэн нэхъыщхьэхуэ къонэж щэнхабзэ хуэгъуэфІыгъуэхэр цыхуэхэм нэсу къагъэсэбэпыфу щытыныр, абы папщІи Іэнатіэм бжьыгъэр зи лъабжьэ Іэмалхэр щыхэпщэн хуейщ, къэрал мэзаорэм я материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ Іэхэухэр, зэпымыуу лажьэ экспозицэхэр тэмэму зэтеухуэныр, абыхэм я лэжьыгъэм Урысей Федерацэм и щыналъэхэм я музейхэм я мызакъуэу, хамэ хэкуэм исхэми зыщагъэгъуэзэфыныр, ягъэлэпхъуэ выставкэхэр кьалэ мыинхэм, ику итхэм щагъэльэгъуэныр, музейхэр творчествэм и адрей унэтІныныгъэхэми быдэу япыщІауэ щытыныр зэтраухуэныр, щэнхабзэ-щІэныгъэм ухуэзышъ туризмэм ахэр кьэшэныр.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Іэтащхьэм къыхиГэщащ зэманым псынщІэу зэрызихъуэжьыр икІи республикэм и унафэщІхэм къекІуэкІ Іэхэухэм зыдрагъэкІуфу щытыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Ауэ сытми декІуэкІ къудей мыхъуу, мыхъумыщІагъэхэм япэщІэтыфыным, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхэухэр гулъытэнэшэу къамыгъэнэми я нэІэ тетыпхъащ. Щэнхабзэм зрагъэужькІэрэ, ар даІыгъкІэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм зрагъэужьын зэрыхуейр къыхигъэбелджылыкІащ республикэм и Унафэщым. КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ апхуэдэ мурадым тещІыхьа зы концепцэ щІыналъэ щэнхабзэм иІэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

ІАДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№134 (24.104) ● 2020 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъунымкІэ гъэзэуэ хуэхъэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэгъэ лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м мы къыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.3 пунктым и ещанэ абзацым щІыгъуэжьын «ЦІыхухэм шхапІэхэм щІомыхьэу ерыскъыр къыщыхуэзыхьэмрэ зыщІэупщІахэр щыхуашхэмрэ къыщыжьмыщІа» псалъэхэр;

б) 2.8 пунктым и ещанэ абзацым мыпхуэдэу къыщыхьа абзацхэр щыгъуэжьын:

«лэжьакІуэхэр Іэнатіэ щыпэрыт, зыщагъэпсэху зэманкэр нэхъ тэмэму уб зыхуэ хъун папщІэ, мыпхуэдэ Іэмалхэр къэгъэсэбэпын:

зэгурыІуэныгъэ зращІылІауэ лажьэхэм, абыхэм зи ныбжьыр илъэс 65-м щІигъуэхэри, цІыхухэм яхэмыхьэну щыхуагъэуэ узыфэ гъэтІылъахэр зиІэхэри яхэту, (гуэдзэн №2) я процент 25-м нэхъ мынэхъ мащІэр Іэнатіэм емыкІуалІэу лэжьэн хуэдэу Іуэхур зэтеухуэн, къэрал властым и органхэм, Іуэхущіапіэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм, узыншагъэр хъумэным епхаэху я Іэнатіэхэм Іэмалышэу пэрытын хуейуэ щытхэм я бжьыгъэр зыхуэдизнымэ теухуа акт щхьэхуэхэр къэщтэн;

цІыхухэм я лъэІухэм, Іуэхущіапіэхэм зэрызыхуагъазэхэм щыхъпІэкІэ, къэрал властым и органхэм, Іуэхущіапіэ щхьэхуэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм я пщэ къыдэхуэ къалянхэр щызэфІагъэкІкІэ электрон Іэмалкіэ дэфтэрхэм елэжьын хэкІыпІэр къэгъэщхьэпэн;

зэгурыІуэныгъэ зращІылІауэ лажьэхэм ящыщу Іэнатіэм пэрыту зи къалэн зыгъэзэщІэнухэм я бжьыгъэр гъэмэщІэным хуэунэтІа Іуэхухэр, абы зэблэкІыу лэжьэныр, Іэнатіэм сыхьэт бжьыгъэ хэхам ирихьэлІэу екІуэлІэныр (апхуэдэуи ІукІыжьныр) хэту, зэтеухуэн, апхуэдэ щІыкІэкІи Іэнатіэхэм щІыхуэхэр щыхьэныжьыр къызэгъэщІын»;

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальныгъ къыщытрадза махуэм къыкІэльыкІуэ махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м
№144-УГ

«ЩІэуэ къежьа коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІа Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІ лъэхъэнэм уэнымащагъэр хъумэн Іэнатіэм и язынкъуэ лэжьакІуэхэм я къалэнхэр ягъэзэщІэным тезыгъэгушхуэ ахъшэ я улахуэхэм яхущыгъуным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьхьыным и 2-м къыдигъэкІа Указ №933-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. ЩІэуэ къежьа коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІа Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІ лъэхъэнэм уэнымащагъэр хъумэн Іэнатіэм и язынкъуэ лэжьакІуэхэм я къалэнхэр ягъэзэщІэным тезыгъэгушхуэ ахъшэ я улахуэхэм яхущыгъуным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьхьыным и 2-м къыдигъэкІа Указ №933-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, 1-нэ пунктым и ящэ абзацым мыпхуэдэ псалъэхэр щыгъуэуэ: «Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущіапіэр» псалъэхэр.

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальныгъ къыщытрадза махуэм къыкІэльыкІуэ махуэм щегъэжьауэ икІи ятхуэз 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ зращІылІа Іуэхущіапіэныгъэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м
№145-УГ

ЩоджэнцІыкіу Алий теухуа тхылъыщІэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ мы махуэхэм илъэси 120-рэ ирикъуа, адыгэшэрджэс тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа усакІуэ ЩоджэнцІыкіу Алий теухуа тхылъыщІэ.

«ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алийрэ тхыдэмрэ литературэмрэ я зыужьыкІэмрэ» - а цІэр зэрехьэ усакІуэр къыщалъхуа жэпуэгъуэм и 28-м ирихьэлІэу дунейм кьытехьа лэжьыгъэщІэм.

ТхылъыщІэр дэІэпыкъуэгъу мэхъу усакІуэм и Іэдакъэщ Іэкіэхэр нэхъ нэгъэсауэ кьыбгурыІуэныжьмкІэ, езым и шыфэ-ІыІэфэри, и хъэтІым и щэхуэфэри кьыуеГэщІыху.

Тхылъым ихуа лэжьыгъэхэр зыхта, филологие щІэныгъэхэм я докторхэу Хьэкіуащэ Мадинэрэ Тхьэгъэзит Юрэрэ пэублэм щыжьаІэ: «Зэчиищхуэ зыбгъэдэлъа адыгэ усакІуэшхуэм и Іэдакъэщ Іэкіэхэм нэгъуэщІыныкІэ дыщеплъыпхъэ, кьеджэкІэщІэкІэ дыщыбгъэдыхьапхъэ чэзыр кьэсащ. Апхуэдэ дыдэу Цветаевэ Маринэ «Си Пушкин» зыфІища и тхылъым урыс усакІуэшхуэр щІэрыщІэу кьащІрагъэщІыжьат, Чуковский Корней «Си Уитмен» зыфІища и лэжьыгъэмкІэ американ усакІуэм и дунейр щІыкъуэм къахэзІуихауэ щытащ.

Щоджэнцыкіум и мыхьэнэр ешым и тхэкІэм и закъуэкъым. Щоджэнцыкіухуэр щІэрыщІэу къ

Хэку лъагъунытъэм и дамытъэ

● Фи лъэІукІэ

1830 гъэм дунейм къытехьа Адыгэ ныпым теухуауэ зэдауэ куэд зэрыщыІэм къыхэкІыу, абы и тхыдэм гулъытэ хуриІуу сытепсэлъыхьыну сыхуейт.

ЗЫМАХУЭ интернет сайтхэм языхэзым адыгэ бэракьым и гугъу зыщІ тхыгъэ сыщрихьэлІащ. 1830 гъэм утыку кэрахьа, вагъуэ 12-рэ шабзищэ зытещІыхьа ныпыр, нобэ Адыгэ Республикэм и къэрал дамыгъэр, Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945 гъэ.) и зэманым зэрыпхъуакІуэхэм я лъэныкъуэр къэзыщта епщыкъакІуэхэм яІэщІэпъа хуэдэу жеІэ ар зытхам. Пхэнжу, тегъэщІапІэншэу утыку кэрахьа лэжьыгъэр интернетым зэрыщызэбгрыкІым нэмыщІ, ди лъэпкъ дамыгъэм и тхыдэр пцІыуэ къиГъэлъэгуэным зыгуэрым мурад зэрыхуищІар наІуэщ.

Зи гугъу тщІы ныпыр хэІущІыУ зэрыхъурэ куэд щІакъым. Сэ япэ дыдэ ар къыщыслъэгъуар 1980 гъэрщ. Лъэпкъым гуэкъыджыщІэхэр къызыкъуихын щыщІидзэ бгъущІ гъэхэм Адыгэ Хасэм и унафэщІ къалэнхэр си пщэм къыдалъхьну жэрдэм щащІым, ар пщІэшхуэу слъытэри, арэзы сыхъуат. КъысІэрыхьа къалэнхэм япкъ иткІэ, адыгэхэм я дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр зэфІэдгъэувэжын, абы и тхыдэри нэгъэсауэ дджын хуейт.

Дэ дыщыгъуаззщ адыгэ лІакъуэ псоми щхьэж и нып иІэжу зэрыщытам. Нысашэхэм благъэ зэхуэхъу лъэпкъитІым и дамыгъэхэр зэхуэхъ плыирь зиІэ нып хужьым тету къыщрахьэкІыу щытащ. Дигу къэдгъэкІыжьыпхъэщ щэрджэс мамлюк сультІанхэм зэрахьэу щыта бэракъэхэри, Маркс Карл зытетхыхьа, «бегъымбар лъапІэм и нып» зыфІаща, мэжкер дзэпщ Бандыя тхъэ зытриІукІари. Ар маисэ, вагъуэ, мазэ ныкъуэ зытет нып удзыфэт. 1926 гъэм Тбилиси дэт музейм кърахьажауэ пасэрей шапсыгъ ныпи щыІащ. Дэтхэнэрат абыхэм къаехэпхынур, мыращ нып пэжыр жьиІэу?!

Іуэхур щызэхэкІар Мейкъуэпэщэ. Зэгуэр а къалэм щызэхэхьа Хасэм и зэхуэсхэм я зым Тыркумрэ Щамыкрэ адыгэ Іуэхум зыкъыщиужьыным пэжьыгъэхэр зэхьхьэпІа Биданокъуэ Нихьэт къэкІуат. Ар езыр Налшык щыпсэурт а зэманым. Арати, махуэ гуэрым Нихьэт си деж зэрыщыхьащІэр зэхэзыха Хьэдэгъэлі Аскэр дрегъэблагъэ.

ХьэдэгъэлІхэ игъащІэми хьэщІахуэфІтэкъэ?! Адыгэм дыщытепсэлъыхьащ Аскэр и хьэщІэщым, псом хуэмыдэу, сьеэд екІуэкІам. Асыхьэтым бысымыр щІокІри, тхыпІэ гуэр иІыгъыу къыщІохьэж: «Спенсер Эдмунд. 1830 гъэ. Лондон». Зэтесхмэ, сльагъур сыт? Япэу къызэІупх напэкІуэцІым ныП зыкъызыз итщ, ари щхъуэкІэрплъыкІэу. Нихьэтрэ сэрэ депхъэри суратым кІэщІэтхам дыкъеджэн щІэддзащ. Жьыжьэ нэмыс ди инджьлызыбзэмкІи гугъутэкъым ар къыбгурыІуэну: «1830 гъэ, адыгэпщ зэгухьаХэм я ныП». Ди гуфІэгъэуэн щІэн гуни иІэтэкъым.

ХьэдэгъэлІым жеІэ: «Адыгэ псомэ я ныпращ ар. Ялпм абы утепсэлъыхьыну шынагъуэт. Нобэр къыздэсым щхъуу сохьумэ. Иджыпстуи нэхъ щІагъуэкъым Іуэхур, ауэ, шынагъуэ-мышынагъуэми, аращ ди дамыгъэр».

Аскэр, куэдрэ сызримыгъэлъэІуу, тхылъыр къызита нэужь, Хьэхъу Маринэ ныпым и линогравюрэ (линолеумым тещІыхьа сурэт) игъэхьэзыращ. Апхуэдэу 70 зэрызэдгъэпэщу, ныпым Спенсер Эдмунд къиІуэтэж хъыбарыр дыщІыдгъури, КъБР-м, КъШР-м, хьІуфэІус шапсыгъхэмрэ хамэ къэрал ис адыгэхэмрэ яхуэзбгредгъэкащ. Апхуэдэу щІидзэжащ адыгэ ныпым и гъащІэщІэм.

Азие ЦІыкІум и тхыдэм епха лэжьыгъэхэм щыгъуазэ зыпщІмэ, гурыІуэгъуэ мэхъу XIX лІэщІыгъуэм зэфІагъэувэжа адыгэ бэракъыр хьэт дамыгъэхэм къызэрытращІыкІар. ГъуапІэм, домбеякъым, дыщэм къызэщІыкІауэ хьурейрэ хьару щыт хьэт ныпхэр ди лъэхъэнэм илъэс миниц ипэкІэ Аладжэ щІыпІэм (Тырку, Чорум вилайет) и щэнхабзэм ущрохьэлІэ. Археологхэм абы и къежьапІэр Ищхъэрэ-Кхъухьэпі Кавказым, Мейкъуапэ щэнхабзэм ирапх. Абдежи къыщыміынэу, Хьэт хэралыгъуэм къыщІэнащ дыгъэм ещхьу хъурей герр хъарри. АХэрауэ хуэбгъэфащэ хьунущ XIX лІэщІыгъуэм адыгэхэм лъэпкъ ныпыр къыщагупсым я нэгу щІэтар. Ди зэманым къэмыссауэ щытми, абыхэм я ужь кхиува гуэрхэри щапхъэу яІауэ къыщІэкІынущ.

Адыгэхэмрэ хьэтхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм я гугъу щыпщІкІэ, щэрджэсхэр Азие Гупэми, Кхъухьэпіэми быдэу зэрепхам и гугъу щІын хуейц. Псалъэм папщІэ, Мысырми, Палестинэми ди лъэпкъэгъуэхэм я лъэужь ущрохьэлІэ. Иерусалим кьалэм мысыр щэрджэс сультІан Кьаит-бей ихууа мыдрисэ щыгъэгъэлъэгъуауэ. Ар «Іэл-Акса» мэжджыт цІэрыІуэм хэтщ. Мыдрисэ щІыхьэпІэр адыгэ дамыгъэхэр уигу къэзыгъэкІыж тхыпхъэхэм ягъэщІэращІэ.

Иорданием щыщ ди лъэпкъэгъуэхэм щыгъуаз сащІащ мусльымэн щэнхабзэм мазэ ныкъуэр дамыгъэ зэрыхуэхъуа щыкІэм. ЗэрАуэтэжьмкІэ, зэгуэр мысыр щэрджэс сультІан Кьанщауэ Гъур жащ, мазэгъуэу шатырэм къыщІэкІати, уафэгъм ит мазэ дыжьынырфэм гу льитащ. ЗекІуэм къикІыжа ныжь, абы и уззирхэм (министрхэм) захуигъазэри: «СультІан башым хэщІыжа щхьитІ зыфІэт бгъэм и пІэкІэ, мазэ ныкъуэ трезгъащІыхь хъунукъэ?» - кхъухлъхьащ абы. СультІаным и гукъыдэжьр занщІэу ягъэзащІэри, мазэ ныкъуэр мусльымэн дамыгъэу зэрахьэн щІадзащ.

Адыгэ ныпым деж къэдгъэзэжмэ, кхъыхэгъэщІыпхъэу къыдолытэ ар адыгэ зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытым нэмыщІ, Адыгеймрэ я къэралыгъуэ дамыгъи зэрыхъуам. Ар пхыдгъэкІыныр тыншу къызэрыдэмыхъулІари, кьаитпэува къудым дапэщІэтын хуей зэрыхъуари кхъжьыпхъэщ. Тхыдэм и кІыхьагъкІэ лъэпкъым зэрихьа ныпыр къыщІэтыж къэдгъэкъуэу. Урысейм, псалъэм папщІэ, фыщу зэхэлъ и лъэпкъ ныпыр къызэІутащІыкІыжар Пётр Езанэм и зэманым, 1697 гъэм Мэзкуу пащтыхьым зэрихьэу щытарщ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым мэлыжьыхьым и 25-м адыгэхэм я лъэпкъ дамыгъэм и махуэшхуэр илъэси 190-рэ зэрырикъур ягъэлъэпІащ. Ар бзэныгъэм и дамыгъэщ, абы дигу кьегъэкІыж зэпыт Хэкум и хуитыныгъэм нэхърэ нэхъ лъапІэ зыри зэрыщыІмыІэр.

Кавказыр абы щыпсэу лъэпкъ псоми ди унэщ. Дауэ нобэ адыгэхэр, абазэхэр, урыс-хэр, вайнаххэр, дагъыстэнхэр, къэрэшейхэр, балъкъэрхэр, ингушэхэр, нэгъуейэхэр зэпэІащІэ зэрыпщІынур? Зэман жьыжьэм лъэпкъ зэхуэмыдэжэр щызэжъуэзыгъэуфа адыгэ ныпым тет вагъуэ 12-мрэ абы и лъабжьэм щызэблэдза шабзищымрэ нобэ зэгурыІуэм дыкъыхураджэ. Аращ абы, Адыгеймрэ къышІымынэу, КъШР-ми, КъБР-ми, Шапсыгъми, хэхэс адыгэхэми я деж пщІэ щІиІэр.

КЪУИИКЪУЭ Асфэр,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.
Мейкъуапэ къалэ

● ДифІ догъэлъапІэ

И ныбжьэгъуэхэр и гъусэу.

Молэ Владимир и унагъуэр.

Макъамэр къызыдалъхуа композитор

УФ-мрэ КъБР-мрэ гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым, Къандур Мухьэдин и цІэр зезыхьэ дунейпсо сауэтым я лауреат, ЩІДАА-м хэт, композитор Молэ Владимир и ныбжьыр щэкІуэгъуэм и 2-м илъэс 80 ирикъуащ.

ДЫЗЭРЫГУШХУЭ композитор Молэ Владимир Лил и къуэр Аруан щІыналъэм хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1940 гъэм къыщалъхуащ. Ар макъамэм дезыгъэхьэхар пшынауэ Іэзэу щыта и анэ Сэйихьэтщ. ПэщІэдзэ классхэм усэхэмрэ Іуэтэжхэмрэ тхын щыщІидзащ Молэм. Абы щыгъуэ и усэхэм макъамэ ящІилъхьэжыт. АдыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэ Къашыргъэ Хьэпащэ куэдкІэ къыдэпыкъуащ, и тхыгъэхэр щригъэлъэгъуами, КІуащ БетІал иригъэджэну чэнджещІ къритащ.

Молэр иджыри курыт еджапІэм щІэсу щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ дахьэхат. Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым игъэлъагъуэхэм ящыщу «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Лацэрэ», «Къанщобийрэ Гушащэгъэрэ», нэгъуэщІ лэжьыгъэхэр фІыуэ илъэгъуат. Курыт еджапІэ нэужьым Налшык и Музыкэ училищэм щІэтІысхьэну мурад ищІащ Владимир. Экзаменыр Іызыхьр Іуэрыіуатэдж, композитор, пианист цІэрыІуэ Шейблер Трувор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармониеи и унафэщІу щыта, тхакІуэ цІэрыІуэ ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр, композитор Къэрдэн Хьэсэн сымэт. И мандолинэм еуэурэ, къафи щІигъужауэ, езым нэмыщІ нэгъуэщІым апхуэдэ зэфІэкІ имыІэу зыщыщъужу уэрэд щыжиІэм, ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр къигъэувыІэжат: «Умуслъымэнмэ, Молэ, зэ къызэтеувыІэж, хьунщ ар, укъыдощтэ, укъыдощтэ», - жиІэри. Шейблери абы и псалъэм пищат: «Фльагъуркъэ, щыІащ зэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэр. Дэ къуажэхэм дыщопльыхьуэ, абы щыгъуэм мыбы хуэдэ щІыкІуэм уэрамым кьыкІухь».

Музыкэ училищэм щІэсу абы итхащ «Налшык папщІэ» (псалъэхэр Щоджэн Хьэбас ейщ), «СыпхуэзэзыкІэ щхуу укъызоплъ» (Балъкъэр Фоусэт), итІанэ «Ласкэн хъыджэбз» уэрэдхэр. Училищэр екъулІэныгъэкІэ кьиуха нэужь, Саратов къалэм и консерваторием, кьыкІэлыкІуэу Тбилиси дэт консерваторием и аспирантурэм щеджащ. Абы щыгъуэ и гъэсакІуэу, егъэджакІуэу щытащ СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, куржы, дунейпсо классикэм фІыуэ хэзыщІыкІыу щыта Баланчивадзе Андрей и деж.

Композиторым жэуапльныгъэ зыпылІ щэнхабзэ, гъуазджэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэ куэд ирихьэкІащ. 1965 - 1967 гъэхэм Молэр Налшык дэт Музыкэ училищэм и егъэджакІуэу лэжьащ, КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм ар КъБР-м и Къэрал филармониеи и художественнэ унафэщІу, республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэу, Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ колледжым и унафэщІу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щэнхабзэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэу щытащ. А Іэнатіэхэм щыпэрыта зэманым Молэм адыгэ щэнхабзэм и зыужьныгъэм, щІэблэм я гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ.

Макъамэр зи Іэпэгъу Молэ Владимир и лэжьыгъэхэр ди лъэпкъым и дыщэ гъэтІылъыгъэхэм ящыщ хъуащ. Адыгэ щэнхабзэм и тхыдэм ягъэ дыдэу кхыыхьа, Акъсырэ Залымхъан и пьесэр зи лъабжьэ «Дахэнагъуэ» оперэр (1965 гъэ) зи Іэдакъэщ Іэкіыр Молэ Владимирщ. Ар итхат Саратов дэт къэрал консерваториеи щыщеджа зэманым. Абы и япэ актыр ягъэлъэгъуакІэт еджапІэр кьащІиух илъэсым. А оперэр адыгэбзэкІэ зыгъэзэщІа хорым нэгъуэщІ лъэпкъхэм щыщхэри гъунэжу хэта пэтми, макъамэр гукІи псэкІи зыхащІащ. Ар щыхьэт тохъуэ композиторым зэфІэкІ ин зэриІэм. ИужькІэ Антокольский Александр и пьесэмкІэ итхащ «Пусэ цІыкІу асльэным ипхъущ» сабий оперэр (1982 гъэ), Щоджэнщыкіу Алий кьызэралъхурэ ильэси 100 щрикъум ирихьэлІэу нигъэсащ Щоджэнщыкіу Алий и поэмэр и лъабжьэу Шортэн Аскэрбий итха «Къамботрэ Лацэрэ» пьесэм къытрищІыкІа «Къамботрэ Лацэрэ» оперэр (2000 гъэ). «Бгъэхэм я хъыбар» япэ ящхь балетым и либреттэр (1971 гъэ) итхащ. КъищынэмыщІауэ, симфоние тхыгъэ, кантатэ, уэрэд, романс зыбжанэ и ІэдакъэщІэкІащ. Апхуэдэхэщ Шортэн Аскэрбий и пьесэр зи лъабжьэ «Псэльыхьу къаргъэщІахэр» («Обманутые женихи», 1970), «Тхьэлъанэ» («Заклинание», 1976) опереттэхэр. Молэм уэрэджэкІакІуэхэм, хорым, симфоние оркестрым хэтхэм яхуитхащ «ТекІуэныгъэм и пщэдджьжь» («Утро победы», 1975) ораторием. Тхыгъэм къеджэм, уэрэджэкІакІуэм, хорым, симфоние оркестрым яхуэтхазэуэ итхащ «Федауэ - мыр гъащІэм и къежьапІэщ» («Слушайте - это рождение жизни», 1975) поэмэр. Уэрэджэкіакіуэм, хорым, симфоние оркестрым яГъэзэщІэну итхащ, «Насыпэ жыг» («Дерево счастья», 1969) кантатэр. Абы и Іэдакъэ щхьэщІэкІащ «Балетым папщІэ сюититху» («Пять балетных сюит», 1971 - 1975); «Концертым папщІэ лезгинкэ» («Концертная лезгинка», 1973), «Адэжь Хэкум» («В родном краю», 1974) поэмэр, флейтэмрэ симфоние оркестрымрэ яГъэзэщІэну концертыр (1973), скрипкэрэ фортепианэкІэ яГъэзэщІэну пьесэхэр, виолончелрэ фортепианэкІэ яГъэзэщІэну балладэр (1973), макъымрэ фортепианэмрэ яГъэзэщІэну, Щоджэнщыкіу Алий и псалъэхэр зыщІэлъ циклыр (1976), къэбэрдей, балъкъэр усакІуэхэм ядитха уэрэдхэр (псалъэм папщІэ, Щоджэн Хьэбас и псалъэхэр зыщІэлъ «Ильич и къуэрыльухэр» («Внучата Ильича» циклыр, Гъбжокъуэ Лиуан дитха «НэкІуэк щэбэтым къуажэм» уэрэдыр, нэгъуэщІэхэри, драмэ спектаклхэм яхуитха макъамэхэр (къэбэрэлъэгуэмэ, «Лашын», 1966), «Къэрэмырзэкъуэрэ пащтыкъ гуащэ ябгэмрэ» («Карамизоко и коварная царица», 1970), «Пщащэ ныпым и гъэсэныгъэ» («Любовь и мужество», 1971), «Маззэгъуэ жэщым» («В лунную ночь», 1975), «Къамботрэ Лацэрэ», 1976). Нэхъ иужькІэ къыдигъэкІа лэжьыгъэхэм ящыщщ - «Из истории фольклорной музыкальной культуры Кабардино-Балкарии» (2012) тхылъ купщІафІэр. Молэм и Іэдакъэщэкіхэр лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэм я тхыдэмрэ я мыхьэнэмрэ къыдэкІуэу, ахэр къэзыгъэлІурыщІэу щытахэми щІэблэр щыгъуазэу къэгъэтэджынымкІэ къоцьхьэпэ. Псом хуэмыдэу ахэр къагъэсэбэп макъамэ гъэзджэм хуезыгъаджэхэмрэ а Іэщ Іагъэм и щэхухэм зыхэзыгъэгъуазэхэмрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, абы и лэжьыгъэхэм балъкъэрхэм я къэзыгъэгъуазэхэмрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, абы и лэжьыгъэхэм балъкъэрхэм я лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэми хуэфащэ гулъытэ яхуищІу зэрыщыІэпкърихар.

Ищхьэкіэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, Молэ Владимир и творчествэм макъамэм и жанр псори къызэщІеубыдэ, и уэрэдхэр цІыхубэм фІыуэ ялъагъу. Композиторым и уэрэдхэр щызэхэхъэсха тхылъ ипл дунейм къытехьащ, музыкэ пьесэ зыбжанэ итхащ. Ар лъэпкъ уэрэджьэ куэдым хэлэжьыхьжащ, ахэр ди зэманым деІуу къигъэщІэрэщІэжащ, лъэпкъ макъамэхэми псэщІэ яхилъхьжащ.

Мэлбэхъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэр ильэс 90 щрикъум ирихьэлІэу абы и унафэщІ Емуэ Анатолэрэ Молэ Владимиррэ зэдатхащ «Юбилейнэ» уэрэдыр. Молэм макъамэ хуитхащ «Бгыщхьэхэм ялэгъунэгъу» («Рядом с вершинами», 1970) телефильмым. Къыжьіапхъэщ, Молэм гуащэ театрми хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІар. Абы макъамэ яхуитхащ «Фо кІадэ» («Бочка мёда»), «Дутик», «ЯтІагъуэм хьэпшып къыхэщІыныжьмкІэ Іэпщ Іэлъапщэ» («Мастер гончарного дела») спектаклхэм, КІыщокъуэ Алим, Гъубжокъуэ Лиуан, КъагъурмэС Борис сымэ, нэгъуэщІ тхакІуэ куэдми я усэхэм.

Молэ Владимир макъамэ зыщІилъхьа оперэ, ариа, уэрэдхэм ди нобэрей утыкуакІуэхэм я деж щІэупщІэ щиІэу яГъэзащІэ. Апхуэдэщ Азэмэт Наталье («Гъбгъуэм ит тхъэрыкъуэ», «Си къамылыфэ»), Молэ Артур («Дахэнагъуэ», «Анэхэм фІыуэсакъ»), нэгъуэщІхэри. Абыхэм къадэкІуэу щэрыІуэ хьуа и уэрэдхэм ящыщщ («Іущхьэмахуэ», «Лэскэн хъыджэбз», «Маззэгъуэ жэщ», «Налшык гугъэмрэ хьуэпсапІэмрэ я къалэщ», «Зажги, любовь, ещё одну звезду», нэгъуэщІхэри.

Адэм и лъагъуэм ирикІуэжащ и пхъуитІыр - ахэр пианистхэщ. Маданэ Налшык и Музыкэ училищэр диплом плъыжьыбэ къыхуащІ, Майе Москва консерваториеи щеджащ. И щхьэгъусэри пшынауэ щІэрыІуэщ. Ианэр дохутырщ, нэхъыщІэ Линэ къиухащ КъБКъУ-м сервисымрэ туризмэмкІэ и факультетыр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Ди махуэгъэпс

Сыт хуэдэ зауэри щІыуэпсым и бийщ

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2001 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм хъыбар зэбгригъэхауэ щытащ, щыхуэзм я зэхуаку къыдэхъуэ зэжьэхэуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ зауэхэмрэ щызэщІэлъэ щІыпІэхэм щІыуэпсым и щытыкІэр къызэрымыкІуэу зэрыщызэІыхьэр къэлъытауэ, жылагъуэр а Іуэхугъуэ мыщхьэпэм пэщІэтыным къыхуезыджэ махуэу щэкІуэгъуэм и 6-р (International Day for Preventing the Exploitation of the Environment in War and Armed Conflict) къыздэщтэн зэрыхуейм ехьэлІауэ.

ООН-м хэтхэр а гъэпсыкІэ щыІэу зэщІеувалІэм, псом япэу зэгупсыар адэкІэ-мыдэкІэ къыщыхъеІ зауэхэм, зэранытэ-зэхуэхъу зыщыгъэшхэкІыу, дыкъэзыухъуреихь дунейм и экосистемэхэм зыгъуэфІыгъуэу япкърылъми икъукІэ зэрегуаягъэр. Уеблэмэ, щІыуэпсым къылъыс тхъэмыщІагъэр апхуэдизу инци, зэжьэхэуэныгъэхэм къарикІуам «ижь» зыщІихур зыщІагубгъу къэралхэмрэ абыхэм щыпсэу щІыхуэхэмрэ я закъуэкъым, атІэ а хэкуэм къедза Іэшэлъашэхэри гуэзвэгъуэшхуэм хадзэ, къэунэхуну щІэблэхэми щІэин мыхъумыщІкІэ «яхуоупсэ».

Мыбдежьми дигу къэдмыгъэжІыжьыкІэ Іэмал иІэкъым Урыс-Кавказ зауэм и кІэуэкр ищхъэрэкІэ къикІа пащтыхьыдзэхэм зэрырагъэкІуэкІауэ щыта щІыкІэр: зыхъумэжьныгъэ кІыхьым си кІарур мащІэ ищІа адыгэхэм ятекІуэу, я лъахэм ахэр игъэкъабзэкІыкІын папщІэ, зэрыпхъуакІуэхэм яхуэзэфІэкІ псори ялэжьауэ зэрыщытар: хэкупсэхэр щыпсэуа щІыгум и гъавэ щІапІэхэр Іуэрыр зэтращІэрэ я Іэщри зэтраукІэжу, ихъуреягъкІэ къыщыт мэзхэр мафІэ лыгъейм зэщІрагъащІэрэ жыг зи цІи кърамынэу...

ООН-м къулыкъу щызыІыгъэхэр зэрегупсысымкІэ, зи гугъу тщІа хьэкІэжхъуэкІагъэм хуэдэхэр къамыгъэхъуи е, нэгъуэщІ мыхъуми, ягъэмэщІэн яхуэзфІэкІынут зэпэщІэувэныгъэ гущІэгъуншэхэм зэпигъэщхьэхуукІ лъэныкъуэхэр къэзыухъуреихь дунейм и щІыуэпсым ящыщ зэрырамыхьыным хущІэкъуамэ. Мыбдеж Іофэ дигу къэдмыгъэкІыжьынкІэ Іэмал иІэкъым соет лъэхъэнэм кинотеатрхэмрэ телевидеэнэмкІэ куэдрэ дагъэлъагъуу къыддекІуэкІа «Отец солдата» фильм цІэрыІуэр. Абы епхъэхэм ящыщу хэт зымыщІэжыр лІыхъужь нэхъыщхьэр, Махарашвили зи унэцІэ куржы дадэр, и куэр къыщилъыхъуэу зауэм здыпэрытым, Германием и щІыналъэм къыщихутарэ соетыдзэхэм я гъусэу здэкІуатэм, танкыр зезыхуэ дзэлІэхэм зрихьэлІа жьызмыпкъэр зэрыс я гъущІышымкІэ щыс-хьыншэу зэрызэхаутэр и гум щІыхьэщауэ зэрыщытар...

Швейцарием и къалащхьэ Женевэ къыщащтауэ щыта къэрал зэхуаку зэгурыІуэныгъэм къыщагъэлъэГъуат адэкІэ-мыдэкІэ къыщыхъеІ зэпэщІэувэныгъэхэу зауэм хуэкІуэжхэм щІыуэпсым зэранытэщхуэ ярамкъым хуэдэу, ахэр мардэ хэгъэунэхукІам итын зэрыхуейр. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщ зыр, мэкъумэш щІапІэхэр щхьэзысІыфэфІагъэкІэ зэхэбгъэзэрымыхьунур, экологие мыхьэнэ зиІэу къалэгъэр. Арщхьэкіэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, мащІэ дыдэщ а гупсысэм иригъаззу зауэ Іэнатіэм пэрыувэр. Ауэ, итІани, къэралхэм я унафэщІхэми щІэныгъэлІхэми я нэхъыбапІэр зэрегупсысымкІэ, игъуэ хуауащ (хэмытІэсамэ), ЩІы Хьурейм и къэкІуэнур зэрыхэпльэгъуэм къыхэкІыу, щІыуэпсым щхьэзыфІфІагъэкІэ лей езыххэм тезыр ятелъхьэн зэрыхуейм и мызакъуэу, зэрымыщІэкІэ ар Іисраф зыщІэкри дунейпсо жэуапым ешэлІэнри.

Зи гугъу тщІы Іэмалхэм хуэдэхэр щызэхагъэувэкІэ, ООН-м щыщхэр зыщыгугъыр зыщ: зэпэщІэувэныгъэ мыхъумыщІхэм зыдезыгъэхьэхэм къэзыухъуреихь дунейм леишхэу ирах зэрымыхъунур я щхьэм къэрагъэхьэкІэрэ, я зэхуаку къыдэхъуэ зэныкъуэныкъуэри зауэм зэрыхуамыгъэкІуэжырщ. Сыту жыпІэмэ, зэпэныръльагъущи,

Гъащ1э купщIафIэ зиIа Тхьэгъэпсо Мухьэмэд

Производствэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэман кIыхьым къриубыдэу ехъулIэныгъэфIэр къыщызыгъэлъэгъуа, КъБР-м мэкъумэшымрэ ухуэныгъэмкIэ и Iэнатlэ зыбжанэм я Iэтащхьэу илъэс бжыгъэкIэ лэжьа Тхьэгъэпсо Мухьэмэд Хьэмид и къуэр псэужамэ, илъэс 70 ирикъунут.

ПЭЖЫР зи гъуазэ цIыхум дежкIэ нэхъыщхьэр зыхуэзэ гугъуехьхэм пэльэщрэ задиузэщIу, псэуныгъэм хуиIэ лъагэныгъэр и гум щимыгъэкIуэщIу ипэкIэ кIуэтэнырц. АтIэми, ар зэгуэрым нэсынущ зэплъэкIыжу «сыт хуэдэ лъэужь кьыззэнэкIыр, сыкъызыхэкIа унагъуэм, сызыщыщы лIакъуэм, сыкъыщыхуэа жылэм я пщIэр, я щIыхьыр, зымащIэ нэхъ мыхъуми, си гуащIэдэкIкIэ схуэIэта?» упщIэхэмкIэ зыщыхуигъэзэжьын и пIалъэм.

Тыжьей (Къущхьэ) къуажэм дэт курыт школыр къиуха иужь, Тхьэгъэпсо Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьащ. Еджапlэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха Іэщ1агъэлI ныбжьыщIэм «Кэнжэ» пхьэщхьэмыщхьэ совхозым лэжьэн щыщIидзащ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу, адыгэ щIалэр а Іуэхущапlэм и инженер нэхъыщхьэ хъуащ. И къару емыблэжрэ жэуаплIныгъи хэлъу лэжьэн зэрыхуейм хуагъэса Мухьэмэд Іуэхум и кьиузэгъэпэщакIуэ Іэкlуэльаекlуэу, зи унафэщI кьудамэм кьыпэщIыпъ къьлэнхэр и нэзым гъэзэщIа зэрыщыхьуным хущIэкъу Іэщ1агъэлI нэсу зыкъыгъэльэгъуащ. Зэманым дежкIуу зи гуащIэдэкI гъащIэм щIэзыдза щIалэм и зэфIэкIхэм ар я ублапIэт.

И унагъуэр и гъусэу.

● Фэеплъ

Тхьэгъэпсо Мухьэмэд дэзм щыхэтам.

Тхьэгъэпсо Мухьэмэд и къуэхэр.

«Трудовой горец» колхозым и унафэщIыр, шыгъажэм хэтахэр щIыгъуу.

И цIыху щIыкIэт

Тхьэгъэпсо Мухьэмэд Хьэмид и къуэр ди республикэм пщIэ зыщыхуащIу, фIы и лъэныкъуэкIэ къыщащIыхуахэм ящыщт. Къызэрэзэпащ1ыуэ гъуэзэджэу зэрыщытам и мызакъуэу, ар икIи жылагъуэ лэжьакIуэт. КъыдекIуэкIахэм ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, Тхьэгъэпсор гупсысэ лъагэ зыбгъэдэлъа, псэ кьабзэу щыта цIыхуц. Ар, игуми и щхьэми къыбгъэдэкIыу, сытым дежи ядэIэпыкъуэт зыгуэр хуэныкъуэу зыкъыхуэзыгъазэу щытахэм.

МУХЬЭМЭД Іэхуущ1апIэ зыбжанэм илъэс куэдкIэ унафэщIу Іутащ, а къулыкIъу мытынымкIи абы дерс къыхихащ, цIыхухэм фIыуэ закъэригъэпэсрэ щIэщ. Апхуэдэу, Тхьэгъэпсом «Къббалъкъ-межкколхозстрой»-м механик нэхъыщхьэ Іэнатlэр щызэрихьащ, Тыжьей щыгъэхэта «Трудовой горец» колхозым и тхьэмадэуэщIащ, «Къэббалъкъстрой» - мрэ «Къэббалъкъпромстрой»-мрэ я тхьэмадэхэм я къуэдзэу щIэзыдащ, ар гъэщIа иужьрей илъэситхум къриубыдэу абы Бахъсэн щIынальэзэхуаку мэз хозяйствэр зэрыщытащ.

Мы тхыгъэм яужь дихьэн ипэ зызыхуэдгъэзахэм кьыджаIам тетщIыхьмэ, Мухьэмэд и ныбжьэгъуу щытахэм, кьыдэлажьахэм я гум кьинащ гуэщIагъэу бгъэдэлъамкIэ, жиIам тебгъуэтэж цIыху пэжу зэрыщытамкIэ. Уегупсыс зэрыхъунымкIи, Тхьэгъэпсом щапхъэ зытрахым хуэдэ и дуней тетыкIам лъабжьэ хуэхъуар, ар адыгэ унагъуэ щыпкъэм кьыззэрыхэхъуIар зымыгъэгъуащ, цIыхухэм Іуащагъэрщ, цIыхугъэ щIалэгъэ, цIыхугъэ лъагэрщ, гъэсэныгъэ дахэрщ, и зэфIэкIыщ.

Колхоз Іэтащхьэу щыщытам

Къущхьэуэ къуажэм «Трудовой горец» цIэр зэрихьэу щызэхэта колхозым и Іэтащхьэу щыщыта лъэхъэнэми Тхьэгъэпсо Мухьэмэд гулъытэ ин хуищIащ езым и унафэм щIэта хозяйствэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрызригъэужьыныкIи, жылэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным пыщIа Іэхуэгъуэхэм.

КОЛХОЗ-совхозэм я унафэщIу щытахэм я дежкIэ, щэч хэмылъу, адыгэ хабзэм зэрыхащIыкIри щIэгъэкъуэныщхьэт, зыпэрэта Іэнатlэ мытынымкI къущIыдзэжьакъэм зэрыщытыпхъэу щадекIуэкIын и лъэныкъуэкIэ.

Тхьэгъэпсо Мухьэмэд цIыху зэпIэзэрыту зэрыщытам щыхьэт тохъуэ къэзыцIыхуу щытахэм, кьыбгъэдэхэзэм ящIащ зыми абы кьыхужиIа псалъэхэр: «Ар и щэн дахэм, щапхъэ зытепх хъунум, кьытебэкъуакIуэ дэ зэи тлъэгъуакъым».

Дауи, дэ дыззрегупсысамкIэ, къэхъуагъэнщ Мухьэмэд и макъым зыщригъэIэтаи. Урыс гупсысакIуэ, литературэ критик Добролюбов Николай и къыгъэхэм яIащ, зыми зэрыщитхуэу, унафэщIыр псом я дежкIи щIалэфIу щытмэ, Іуэхур кIуэтэнукъым. Дэ кьыззрыдгурыIамкIэ, Тхьэгъэпсор фIыуэ кьэзыIыгъэгъуэфынут. ИтIани, зэрыхуэдзэрыщIэхэри зригъэщIэнкъэ, узэрыкуэ щытыкIэми ухъурищыжьыбынут. А псом къищынэмыщIауи, уи унагъуэкIи, уи щхьэкIи кьыпхуищIэн хуейуэ къилъытэхэм егупсысынут. И хьэл-щэным кьыхуихьауэ кьызолъытэ кьуажэм абы щигъэзэщIа и лэжьыгъэр хуабжьу кьызэрыщIехъулIар.

ГъущIынэ Владимир жеIэ

- Владимир, уэри Тыжьей уэзрыщIыщ къыхэдгъэщынкIи, Тхьэгъэпсо Мухьэмэд уи дзгъэугурыкIэкIэ хъуам и гугъу къытхуэпщIамэ ди гуапэт.

- МУХЬЭМЭДРЭ сэрэ, ныбжькIэ дызэрызэщхьэщкIэ щымыIэу, зы кьуажэ дыкъызщызэхъуат, кьыдэт школми дыщызэдеджат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым агрономиемкIэр и факультетри тIуми кьадэхати, ситым щыгъуи дызэрыщIэрэ дызэкIэлъыкIуэу апхуэдэт. Парткому колхозым кьыщIэзэжами дызэхуэзэрти, зэдетхьэкI лэжьыгъэмэ, дызыпарыт Іэнатlэм дытепсэлъыхьэу, дызыщызэнэджэщыжу дыкъызэдекIуэкIащ. КьызэрызгубзыгъыжьмкIэ, Тхьэгъэпсор парткому илъэси 6 - 7 хуэдиз лажьэри, ди колхозым и унафэщIу ягъэувауэ щытащ. А кьулыкъур абы илъэситхукIэ зэрихащ. А зэманым сэри, ятпэщIыкIэ, гъавэрэкI гупым сраIэтащхьэу, иужькIэ пхъэщхьэмыщхьэ хадэм щылажьэм я бригадиру сыщытащ. Зыкъызощтэжри, 1972 гъэм къущIыщIэдзауэ 2000 гъэр къихьэу я Іэнатlэхэр «Трудовой горец» колхозым щызэсхьащ. 2000 гъэм сэри а мэкъумэш хозяйствэм и тхьэмадэу сагъэзэри, 2005 гъэ пщIондэ а кьулыкъум сытетащ.

- Мухьэмэд и хъэл-щэн, и дуней тетыкIам щыщу сыгтхэр уигу нэхъ кьинэжа, Владимир?

- Тхьэгъэпсор адыгэ хабзэм хуабжьу егупуку, ящыгъупщэжу щIэзыдза нэщэнэ нэгъунэ зэхьэзэрадзыжьыным хущIэкъуу, зэдзлажьэхэр нэхъыкьнэхъыщIэкIэ зэрызэдекIуэкIын хуейм дыкьыхуриджэу щытащ. Апхуэдэ и хьэл-щэным кьыхэкIыри, кьуажэри кьыхуэзарэзыуэ щытащ. Мухьэмэд здэкIуам Тхьэм щигъэтынщ, зэныбжьэгъухэм, кьыздлажьэу щытахэм дигу кьэдгъэкIыжу, и цIэр кьэдрэ фIыкIэ кьыдоIуэри, цIыхуфIу ди жылэм зэрыщIэсам ар и нэщэнэц.

УнафэщIым и Іуэхур тынш дыдэкъым. УкъыщIипщIыри, укъыщIызэфIэзэрыхьи кьэхъунщ, Іуэхур тэмэму зэфIэзэмыкIыжу, зыгуэрхэм мыкъумыщIагъэ ядэплIагъумэ. Апхуэдэхэм дежи псоми бзэ щхьэхуэ кьахуигъэтыфырт Тхьэгъэпсом.

Елбэд Артур игу кьегъэкIыж

Мы зэманым Кьыщпэк къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэщ. Тхьэгъэпсо Мухьэмэд дэлэжьащ.

- Тхьэгъэпсор цIыху кьыззэригукIэкъым, и шыфэплIфэкIи, и зекIуэкIэкIи, и псэльэкIэкIи. УтехьэулеикIынкIэ Іэмал зимыIэ, удэзыхьэх къэIуэтэкIэ Мухьэмэд зэрыбгъэдэлъам и лъабжьэр кьыщылIыхъэхэм хуейр абы зэманым декIун акъыл жан зэриарщ, псэукIэм кууэ хищIыкIыу зэрыщытарщ. Налшык Іэнатlэ хъарзынэ щызэрихьауэ кьуажэм парткому кьагъэкIэжат ар.

- Уэ абы щыгъуэ «Трудовой горец» колхозым сыт хуэдэ Іэнатlэ щызэпхьар, Артур?

- Мухьэмэд кьыщыкIуэжам, колхозым и комсомол организацэм и секретарэу сыпхьэхъэт.

- Дапхуэдэу фызэдекIуэкIа?

- Къапщтэмэ, Тхьэгъэпсом ищIэрт цIыхум фIыуэ удэлажьэ зэрыхъунур. Езыр хъэлэлу щытащ, ауэ нэгъуэщу щымыхъунухэм я дежи ткIийуэ зыкъигъэльэгъуэфынут. ИтIани, зэрыхуэдзэрыщIэхэри зригъэщIэнкъэ, узэрыкуэ щытыкIэми укъыришыжьыбынут. А псом къищынэмыщIауи, уи унагъуэкIи, уи щхьэкIи кьыпхуищIэн хуейуэ кьэплъитэхэм егупсысынут. И хьэл-щэным кьыхуихьауэ кьызолъытэ кьуажэм абы щигъэзэщIа и лэжьыгъэр хуабжьу кьызэрыщIехъулIар.

Щапхъэ зытрахым хуэдэт

Тхьэгъэпсо Мухьэмэд дуней еплъыкIэу, гупсысэкIэу иIар и щIэблэу балигъ Іэнатlэм куэд щIауэ пэрыуварт дежкIэ ноби гъуэгуэлъагъуэщ.

«ФИ ГУАЩIЭМ кьымыкIар хьэлэд фхуэзэнукъым», «Сыт хуэдэ зэманми цIыхур фи щхьэ кефлыту фыпсэу: фхуэзэфIэкIымкIэ фадэIэпкIъу, сэбэп фахуэхъу, фэ зыкъэмыигъэфащэр нэгъуэщIым фащэ ихуэмыщI» псалъэхэр зи лъабжьэ дуней тетыкIэт адыгэ хабзэм щIапIыкIа, Іъэпкъ гупсысэкIэмрэ зыIыгъыкIэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр пасэу кьызыгурыIуа Мухьэмэд и гъащIэ псор зытриухуауэ щытари.

Тхьэгъэпсом ныбжьэгъуфI куэд иIащ. Язынныкъуэхэр щIэрыIуэ дыдэщ. Мухьэмэд зытрищIыхьу кьыдекIуэкIари, абы и дежкIэ нэхъещIыхьэу щытари къэзыгъэныбжьэгъуэхэм, кьыдэлажьэхэм ящIыщу дэтхэнэми и цIыхугъэт. Езыр зэхэщIыкIыгъэуэ, язынныкъуэхэм дежи щэрыуэу псалъэрт, гушыIэрейт. Куэдым фIыуэ кьэльагъуу щIышытам ари и зы щхьэусыгъуэт. ЖыпIам и щIыхьэту кьэтхьынщ Мухьэмэд илъэу Мадинэ (мы зэманым ар Тыжьей дэт амбулаторэм и унафэщIщ) дедгъэкIуэкIа псалъэмакъыр.

Илъэу Мадинэ и псалъэ

- Къызэдэхъуахэм я гугъу тщIымэ, ГъащIэ псом зэгъусахэщи, иджыпстуи папэ кIэрыс хуэдэу кьысщохъу. Зы классми щызэдеджахэщ, псэуэуи зэныбжьэгъуахэщ. Нобэр кьызэдэсми, Іуэху щыдиIэхэм деж, ди адэм и хъэтыркIэ, абы и фэеплъу, кьыткIэлъыкIуэу-дызэкIэлъыкIуэжу апхуэдэщ. Си дэлъхуитIми кьыщашам гуфIакIуэ кьэтхуэкIуэуэ щытащ.

- Мадинэ, кьысхуэгъэгъу, фи адэр дэнэ кьыщалъхуар?

- Зеикъуэгъ. Ди адэшхуэ Хьэмид НКВД-м хуэгъэзащIэ. А лъэныкъуэмкIэ щыдиIэ благъэхэмрэ дэрэ нобэр кьызэдэсми дызэроIыгъ, дызэрощIэ, дызэкIэлъокIуэ. Мы кьуажэми Тхьэгъэпсохэ дэсщи, псори дызэролъагъу.

- Фи адэм кьиухар Кьыщпэк дэт курыт еджапIэра?

- АтIэ. Ди папэ сыт хуэдэ предметми фIыуэ хищIыкIыт. ЕгъэджакIуэу хъуам кьыдаIуэкIыт (а щколрат дэрэ къэдухуащ): «Фи адэм хуэдэ щIэсакъым!» - жаIэу. Тхьлъ куэд еджати, псоми зэрыхищIыкIым, езыри гурыхуэу зэрыщытым кьыхэкIыу, «Что? Где? Когда?», «Поле чудес» программэкэ телевидениемкIэ кьаГъэлъагъуэу щыхуежьам, упщIэу кьыщагъэувхэм, зэману хухахар имыкI щIэщ, я жэуапыр кьищIэу щытащ. Сэри а школыр кьэзэкIуэу щытащ. Сэри а школыр кьэзэкIуэкIыжу кьызэдэпкъуащ, кьызат дерсхэм сапэлъэщынымкIэ.

- Курыт еджапIэм нэгъуэщI кьалэнхэри щигъэзащIэу щыта Мухьэмэд?

- Ди адэр абы щыщIидзэм, комсомол организацэм и секретарэу ягъэувати, директорым зыгуэрхэм щхьэкIэ губгъэн кьыхуищIри, дыщэ медаль кьэрыримыгъэту кьэригъэухат, и классгъуэу щытхэм зэрыжаIэжьым тетщIыхьмэ. ЕсэпымкIэ экзаменыр здекIуэкIым, упщIэу 23-рэ кьратат. Дэ езыр ди адэм дыщызыIыгъэт, дыщыкIыгъэрти, а Іуэхум техуауэр зэи деупщIакъым. Сэри кьэщыщIэухым, дыщэ медаль зратынухэм сыхуагъахьэзырат. Директорыр ардыдэр арати, ди адэм гужьгъэжьу кьыхуиIар абы, дауи, ищIэжьрт. Ауэ сэ абы зэпымыууэ дахэу сызэрыхъщытым (си хьэлэр апхуэдэти) кьыхэкIыу, а цIыхум и гур нэхъ щабэ кьэхъужщ, зыкъыскъуэзэрщIэжьырр, кьэухыгъуэм дежи есэпымкIэ ирагъэт хабзэ экзаменым сыщIэсу, дызыхуэйр кьыхэтхын хуэдэу кьыдагъэлъэгъуа вариантитIми, экзаменыр иухыным дакьикъэ 15 фIэкIа кьэмынэжауэ, сащыпэльащым, ар апхуэдизу гъэщIэгъэныщIэ щыхъуати, иужькIи си цIэр куэдрэ кьыхиригъэщат жаIэ, щапхъэ папщIэу сакъэхуихьу. Зызыхъэжа и кьэсхущыткIэр иужьрей узэджьнэр кьыщагъэуа махуэми кьызэригъэгъуат. Зэрыхъуар араща, сыкъеджэн хуейуэ усэ гуэр кьызатат, адыгэбзэкIэ схузэхальхьауэ. Схуэмышэчыжу сыкъэгъащ, кьызыхэкIар сымыщIэрэ си нэпсхэр кьелъэлъэхыу. Телъыджэр араща, кьуажэ пэр зыщыщынэу Іулыдж ин зиIа лIышхуэр, школым и унафэщIыр, и балъткуэр иIыгъыу кьэтэджарэ, и нэпсхэр щIилъэщIыкIыу кьыхэбгъэдэтат. Ди жагъуэ зэрыхуэпащи, ари мы зэманым дунейм тетыкъым. Ауэ щыхъуакIи, папэ езыгъэджахэращ сэрэ гъэсакIуэ пажэу сиIар. Абыхэм «уи адэр губзыгъэу щытащи, уэри абы ещхь ухъужыныщ!» кьызжаIэрт. ИтIани, кьыхэгъэщIупхьэщ, а ди ерыщажьхэм я щIэ зыIыгъыжьыф, ди зэхуакум хабзэбзыпхъэ дэлъын зэрыхуейр, абы дытекI зэрымыхьунур зыдэзэщIэж гупу зэрыщытарт.

Илъэс бжыгъэкэ дэкIауэ, ди адэм и унагъуэкIэ зэхуэс гуэрхэр щригъэкIуэкIхэм деж, а ди егъэджакIуэу щытахэри кьриджэрт, псори зэгъусэу дызэхигъэсын мурадкIэ. Ноби си нэгу щIэтщ, ди адэр кьызэгъэпэщакIуэу, егъэджакIуэхэр кьытхьихьа иужькIэ, абыхэм сызыбгъэдашарэ я зэхуакъу сыдэту, хэти «мыбы тхыдэжк кьыхэтIыкIыну», адрэмми «хьэуэ, мыр жьматематик тщIынущ» кьызэиуэкIыу зэрыщытар.

- Адыгэ гъэсэныгъэу япэм щыIахэм ятетщIыхьмэ, фи адэм ущигъэгъуа кьыдекIуэкIахэм я гугъу кьытхуэщIыт, Мадинэ.

- ТкIиягъэ хэльэти, дыщыкIыгъэрт икIи дыщышынэрт. Школым зэгурэкIэ дыкъыкIэрыхуамэ е, езым кьызэрилъэтэу щытамкIэ, зэкIэлъымыкIуэу зыкъыщидгъэльэгъуамэ, «сыту фымыуукIыгъэрэ, фи зэхэщIыкIыр мыбы нэсакъэ, апхуэдэу фымыщIэн папщIэ» кьыджиIэрт. ПожьалIэ сыуэ мужькIи, дакьикъэ бжыгъэ сыгуфIэ, е зыкъезгъэутIыпщыныгу сыхъуамэ, «а узыгъэлажьэм сыхуэдамэ, зы махуи узгъэлэжьэнтэкъым!» кьызжиIэрт, кьытщIэгубжьэ хуэдэу фэ зытригъаурти. Ауэ, и гуэныхъ сыхуейкIым, фIы гуэр щIамэ кьызэрытщытхъыжьыну ипт. ІэплI-бэ бжыгъэ сыгуфIэ, е зыкъезгъэутIыпщыныгу сыхъуамэ, «а узыгъэлажьэм сыхуэдамэ, зы махуи узгъэлэжьэнтэкъым!» кьызжиIэрт, кьытщIэгубжьэ хуэдэу фэ зытригъаурти. Ауэ, и гуэныхъ сыхуейкIым, фIы гуэр щIамэ кьызэрытщытхъыжьыну ипт. ІэплI-бэ бжыгъэ сыгуфIэ, е зыкъезгъэутIыпщыныгу сыхъуамэ, «а узыгъэлажьэм сыхуэдамэ, зы махуи щыIэжу си фIэщ хъужьыркъым.

- И щхьэгъусэр япэ ищу, Людмилэ и закъуэу къэна иужькIэ хэт зыбгъэдэсыжар?

- Кьыщпэк къуажэм щаIа я лъапсэм кьыдэна я къуэ нэхъыщIэ Астемырщ. ГъэщIэгъэныр араща, ди нысэр, Людэ, дунейм ехыжьыным мазэ зытIущ фIэкIа имыIэжу, я къуэ Астемыр кьращэщауэ щытащ. КьэхъыжьагъащIэ нысащIэ щыкIури хуабжьу щыхуэ хъарзынэу, гъэсэныгъэ тэмэм зэрыбгъэдэтыр нэрылъагъуу кьыщIэкIащ. Людэ дунейм щехьыжьи, ди анэр зыбгъэдэсжар и къуэрылъху Астемырщ. Нысэ щыкIури кьелъэIуат: «Кьхьыз, си закъуэу сыкъыдумынэ» жиIэри, Астемыр зыпэрыт и Іэнатlэкъ махуэ псом кьэт и хабзэти.

- НысащIэр и гущIэшхуэм дауэ кьэхъущытыжа, Нинэ?

- Ди анэр джалэщ, Іэрызэкъу кьанэри, мазэ пщыкIызкIэ хэлъыжати, щыхуу щыкIри ягъэщIагъэуу, икъукIэ егупуку зэрихьэжащ.

И къуэш нэхъыщIэ Анатолэ и псалъэ

- Анатолэ, ди гуапэ хъунт фи сабиигъуэу фи щыкIугъуэм теухуа уи гущхьэкIыжхэм ящыщ гуэрхэр къытхуэпIуэтэжатэмэ.

- Сабиигъуэм дыкъыхэкIауэ, курыт еджапIэм дызэрыщIэсахэращ сигу нэхъ кьинэжар. Ящэрауэ, си кьуэшыр дэгъуэгу еджэу щытащ. Абы и мызакъуэу, и жыджэрагъым кьыхэкIыу, курыт еджапIэм и комсомол зэгурыкIуэм и секретарри хахат. Школыр фIы дыдэу кьиухащ. ЩIалэ тэмэмти, щапхъэ зытрахым хуэдэт, и Іуэху ептыкIэ, и гупсысэкIэ я пъэныкъуэкIэ дэбгъуэн щымыIэу. Ди жагъуэ зэрыхуэнщи, дэ зэпэм дызэрагъэсауэ щытамрэ ящыщ дыдэу дызэрагъэсауэ щытамрэ иджыпсту къэкIуэкIымрэ, гу зыпхьэтэж араща, зэщхькъым. «Ящэм дынэхъыфIт» жысIэу аракъым. Ауэ, дапхуэдэу мыхъуами, абы щыгъуэ ягъэпапIэр кьинэмыщI дуней хущытыкIэкIэрат. Псалъэм папщIэ, дызэрыщIыкIуэ хэкупсэу дыщытыкIэ зэрыхуейм дыкъыхураджати, а хьэлыр Мухьэмэди пхыкIэу ящIэрт. Ар зыхуэзащIэ щIэпсэуари цIыхухэрщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Адыгэбзэм щыщщ

«И нанэр Хуэдз щагъэдыщасэу, Псыжь щагъэнысауэ беслъэней ухуэзэмэ, ар хэти щрещ, уэзрикъуэшыр зыщымыгъэгъупщэ...»

(Беслъэней адыгэбзэм и псалъалъэ)

Беслъэней адыгэбзэм и псалъалъэ цIыкIуу нобэ теддзэм гукъэкIыж мащIэкIэ дыхуэкIуэмэ, тфIэигьуэт. Анкара къалэм дэтщ Лъэпкъхъэм я музей гъэщIэгъуэн, Тырку щIыналъэм и щIыдэлъху лъэпкъыжь куэдым я щэнхабзэр щагъэлъагъуэу, 2009 гъэрщ абы апэу сыщыщIыхьар. Тыркым ит адыгэ хасэхэм я Хасащхьэм (KAFFED жьыхуаIэм) абаз-адыгэбзэхэмкIэ къуэзыригъэпэщауэ щыта бзэ курсым щхьэ къыхэхьIпIэ димыIэу тхьэмахуищ хуэдизкIэ дыхэлэжьауэ, жьы Iурыхьэгъуэм и хьэтыркIэ си хэгъэрей щIалэм адыгэхэмрэ абазэхэмрэ ди унэкъуэщ хьэтхэм я щIэинужьхэр уэзгъэльэгъунщ, жиIэри сишауэ щытат. ТхылъкIэ фIэкIа димыльэгъуа пасэрей хьат мывэскъар къомыр тфIэгъэщIэгъуэну, дрикIукI-дыкърикIукIыу щызэпэтIлъыхьу дыздыщIэтым, зыгъэр къызэрыдэлъпльакIуэм тIуми гу лъыттащ. Плыр ди ужь щимыкIыххэм, си хэгъэрейр абы нэкIуэпакIуэу бгъэдыхьэри еупщIащ зыщыщымкIэ, апхуэдизу къыщIэткIэльапльымкIэ. Зыбгъэдыхьа лIыри адыгэбзэ къабзэкIэ къэпсалъауэ: «ЕмыкIу сымыщI, ди адыгэбзэм фи ужь сыкъригъэуващ, сыщытегушхуэ сыкIэбзэдыхьэнурат», жиIэри. ЗанщIэуи зыкъыдигъэлъхуащ - Анкара къалэм и Iэгъуэблагъэм ит Бала жьхуаIэ щIыпIэм къыззэрыщIыхуэри, Чазокъуэхэ зэращIри къыджиIащ.

ХЪЕЙРИ, арат лIым и цIэр, и адыгэбзэм гу зылъыуиргъатэу дахэт, кьабзэт, хэкуми зэрыщыжьаIэу жыт-Iэнщи, екIуи беслъэнеибзэт. ТIэкIу къыдэпсэлыльIэмэ зэригуапэр щыжиIэм, музейм дызэпIлъынум деплъри, дыкъыщIэкIыжри, зыщIыпIэ деж дыщетIысэхащ.

Хъейри цIыху гъэщIэгъэуну къыщIэкIащ. И адэшхуэм бгъэдэсати, езыми ныбжь хьарзынэ иIэти, иIуэтэжьми игъэхъыбарыжьми и гъунэжт. Анкара дапщэрэ дымыкIуами, дыззхуэзащ, дыбгъэдэсащ. Дунейм екIыжьным кьэнэжа щымыIэу телефонкIэ къыщIри, куэдрэ дызэпсалъэжьыгат: «Сыпсалъэурэ си гукъэкIыжхэр зытрезгъэшэжа кассетэхэр укъыщыкIуэ зыдымыщтэжу къыуамыгъанэ», - жиIэри къысхуигъэбыдэгъат. Кассетэхэр, иужьым, и щалэхэм къысIэрагъэхьажауэ щытащ.

Хъейри къызэриIуэтэжамкIэ, Бала жьхуаIэ щIыпIэм и Iэнэгъунэм адыгэ къуажэ зыбжанэ щысащ, нэхъыбэр беслъэнейуэ. Хэкум икIагъащIэ тхьэмыщкIэжэм Тырку дыгъэмрэ жьы пщIырымрэ езэгъакъым, уэ бзаджэ гуэр къахьыхэри, зэтриуикIэу уэхеижащ. Зэдытэджу IукIыжьмэ яхуэзофIэкIакъым, зэныкъуэкъуи яхъхьэри, зыриз-тIурытIурэ унагъуэхэр IукуэшыкIыурэ, я лъэужь кIуэдащ, кьэнар Бала щIыпIэм кьинащ. А щIыпIэри Анкара къалэм зы хьэблэу щыкагъэхьэжми, зэбгрыкIыпащ, е, нэхъыбэр, тыркум яхэзэрыхьащ. ХэмыкIуэдэжкIэ кьэна кьуажэ закъэуатIакъуэм ящыщащ. Анкара километр тIощIкIэ нэхъ пэмыжьижьэу щыс, тыркубзэкIэ Çerkezhüyük (Черкез-хююк) жьхуаIэ беслъэней кьуажэр. Ар 1890 гъэхэм Хэкум икIауэ щытащ. Хъейри и адэшхуэм и псалъэу кьиуIэтэжакъэм къызэрыхэщамкIэ, аэр Хуэдз дэкIауэ щытащ. КургъуокъуейкIэ зэджэ кьуажэм кIэлъыкIуэу, абы щыпсэуэр ягъэбла-гъэу щытащ. Беслъэнейхэр щыззбгрыкIым, ар зигу кьеуэ Хъейри и адэшхуэм жиIэгъауэ щытащ: «И нанэр Хуэдз щагъэдыщасэу, Псыжь щагъэнысамэ, ар хэти щрещ, уэзрикъуэшыр зыщымыгъэгъупщэ». - Си гъащIэ Iыхьэр кIуащ, ар зытрижьIэкIар къызэгуфIэгъунхкIэ. А щIыпIэхэрат Хэкужьку кьиIыытэри, абы щыщу адыгэбзэ зыIырылъ, жиIэу арат кьригъэкIыр», - и адэшхуэм игу хуэзуижу жиIэрт Хъейри.

Нобэ кьызэкIэлъытхь псалъэхэм я нэхъыбэр абы и адыгэбзэм щыщщ. Зэгуэр бзэшIэгъэм беслъэней адыгэбзэм и гупэр хуигъазэмэ, мыкIуэдыжьа Iэджэр абы и фIыщIэу зэрыщытынум шэч къытесхьэрыкIыж.

Адзыжь - Тэджэн тIуащIэм зэращрихьэлIэ щIыпIэм и цIэщ.

Адзыжь тхьэлъэIуплэжьыр - Тэджэн псыхъуитIым узыщыхуэзэ щIыпIэм и цIэщ.

Адэ - уз Iей, жьыхуэтIэрадз.

АжэпIыжь - Лабащхъэ узыщрихьэлIэ щIыпIэм и цIэщ.

АнгъкIэ - гъукIэн щызыгъэтыжа, ауэ кIыщым щыпэщащэ, гъкIэгъэсэным еущие гъкIэжь.

Андзырэ - гъэужь, щIэрыщIэу къызэщIэрыуэжа удз.

Бэтэгъэ, бэтэгъэн - лъагапIэм тет быдапIэ.

Бдзэщыщ - бдзэжьей куэдз зыхэс псыежэх.

Бдзэякъуэ - Уарпрэ Тэджэн щIыкIурэ я зэхуакум ит щIыпIэрад.

Бзунэф - дзыгъуэнэф, жьыхуэтIэрадз.

Бынш - жиIами ищIами яхутемыкIыу инату зизыгъэнам апхуэдизу йоджэ. Къэбэрдейм «ищIэм зы вынш къикIыркъым» жаIэ, мыхьэнэ къызэримыкIыр кьыхаГъэщу. МыхьэнэкIи макъкIи зэтекIами, зэрызэлъапсэгъуэр нахуэщ.

Вэрыжь - Тэджэнышхуэ псыхъуэм щыIэ щIыпIэм и цIэщ.

Гуащэнжьэкъу - я задагъкIэ укъыхимыгъэзыхьу, гуащэрэ пэт щызекIуэфыж хуэдизу щыт бгы-Iуащхьэхэм апхуэдизу йоджэ.

Губдзырэ - гулъытэншэ.

Гуэрэут - бжьэпэм укъелIпхьэрэ псыежэхэм ущыкIуэхэлIэкIэ, псымрэ кьуэкIийм дэт Iуащхьэмрэ я зэхуакум иIуэ щIы кIапэм аращ зэреджэр.

Гуэщын - зы Iуэху хьэлъэ гуэрым пэлъэщын, зэфIэгъэкIын, жьхуиIэщ.

Гунабдзэ - гулъытэ зиIэ, набдзэгубдзапIъэ.

Гундэмыщ - адыгэпщ Кьанокъуэхэ я жанхэр хэдыкIкIэ цIэрыIуэу щытащ. IэщIагъэ дахэу зэрахьэми унеIуэ. Тхыгъэ зэрыщIыхьхьэ, куэд халъхьэу щытауэ ягъэхьыбарыж. Мыри тхьэхъащIыпхъэ лIэужьыгъуэм и фIэщIыгъэщ.

ЗэраIуатэмкIэ, Къанокъуэхэ я жанхэм яIэщIэлъа Iэщ Iагъэрадз «Бэчмырзеим я хъар» щIыжаIар. Хъыджэбзэр унагъуэ щиихьэну пIалъэр ягъэнэхуамэ, ильэскIэ щысысыжьыр хабзэу щыIащ. А илъэсым и кIуэцIкIэ абы зэрыдзкIэуну фащэр зыхуей хуигъазэрт - ибзыпт, зэIуищэрт, идырт - кIэщIу жьIпIэмэ, и псэ хилъхьэрт. Къэбэрдейм щызэрахьэ зы псэлъафэ, ноби щызэхэпхынущ «Бэчмырзеим я хъар» жаIэри. Щыгъыныр гурыхь ящыхъуамэ, апхуэдизу хэуубзэгуфIэрт. ДэкIуагъащIэ хъыджэбзыр унагъуэщIэм зэрыхьхьэ фащэм хэлъ тхьипхъэхэр гурыхь ящыхъуамэ, зэраIуатэ псалъэт ар. Къанокъуэхэ Хэкум щIыкIыжьым, цIыху трамыгъаплъэу пхъуантэ ирашащ, жаIэ, тхьипхъэщIыпхъэм я бзыхьэжуэхэр илъу. ГъэщIэгъэнращи, а пхъуантэм и гугъу Тыркум щызэхэтыжыну къытхуихуащ.

Гундэпщий - Къанокъуэхэ я тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

Гундэпщатэ - Къанокъуэхэ я тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

Гундэраф - Къанокъуэхэ я тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

Гундэхьий - Къанокъуэхэ я тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

Гундэхьур - Къанокъуэхэ я тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

Гурымытхъэ - зыщыгуфIыкI щымыIэу щIыхь зэхуэщIыIуым щхьэкIэ апхуэдэу жаIэ

Гъэущэ - гъэсэнэтхьIэ лIэужьыгъуэщ, ауэ псалъитI-щыкIэ къэIуэтауэ. Тэрканхэ я гуащэм зэрыкуэжау егъэущэ, жаIэ.

Гуэрмэ: пшынэ гуэрмэ - жьыжьэ щыIукI пшынэ макъ.

Жан щIыпхъэ - жанхэм, жангуащэхэм я тхьипхъэщIыпхъэхэр кьиззэрацIыхуу щыта нэщэнэм зэреджэр аращ.

Дэбарэуз: дэбарэуз кьеузын - мэкъуауэгъэуэ хуэамэ, е нэгъуэщI Iэуху кьыкуэкIамэ, Iуэхум зэщIирихьэхыну гъэхыну хущIэкъуу сымаджэ нэпцI зызыщIым апхуэдэу хужаIэ.

Дэжыг - дэкIэ ябла жыг кьудамэ.

Дэззрыхъэ - жыг кьудамэр дэкIэ зэрадзэ Iэмал лIэужьыгъуэщ.

Дэззхэблэ - жыг кьудамэр дэкIэ зэрадзэ Iэмал лIэужьыгъуэщ.

Дэзлтауч - къэкIыгъэм и цIэщ, зи лIэужьыгъуэр тхузэхэхуакъым.

Дэзлтаучыкъуэ - щIыпIэцIэщ, иджырей Багъхьэблэм пэжьжьэкъым.

Дэзлтаучыкъуэ тIуащIэ - щIыпIэцIэщ, иджырей Багъхьэблэм пэжьжьэкъым.

Жыгъыр - къуэш дзакIэ.

Зэгъалъэ - бостей.

Зэлэн - зэгурыIуэн.

КIыжьмыжь - жьы хъуэ щыгъынынигъуэ, щэкIыпхъэжь, хъыданыжь.

Къащ - удзым и цIэщ, «шэмэджщхъэрыпхъуэ» жьхуэтIэращ.

Къызэрэмынэжу Iэуху щIэн - щхьэкъэIэт имыIэу лэжьэн, жьхуиIэщ.

КъурIэн теджэн - къэбэрдей адыгэхэм «КъурIэн хуеджэн» жьхуаIэращ.

Къуэду - къурш тхыцIэм хэкIуэдэжу кIуэцIрыкI къуэ кIыхьым, къуэнэфым апхуэдэу йоджэ.

Кхъуарп - Iэгъэбзэгу. «Хъуап» псалъэм къытекIагъэнкIэ хъунущ, абазэбзэм Iэгъэбзэгур зэрыщащIыхур «кхъуарп» жиIэущ, апхуэдэуи адыгэбзэм кьиргъэзэжащ. «Хъуапыкъуэ», «Хъуапыкъуэжьей» щIыпIэцIэхэр Тэджэн тIуащIэм щыIэщ.

Кхъуб-цIыбыкъ - цIыху зэкIэлъмыкIуэ.

Латэ - арейкIэм щхьэкIэ аращ жаIэр.

ЛъэIув - иныщэ, ин дыдэ.

ЛъэIужьэ - цIыкIу, лъахъшэ.

МэкIыгъуэ - гъэмахуэ шылэм екъуIэу гъуатIафэ къыщIыхьэу къэкI удз лIэужьыгъуэщ. Iэщым ирагъэшхудз хущIэкъуэу зэрахьэ. И урысыбзэр кьытхуэгъэтакъым.

МэкIыра - псы Iуфэм уэру къыIуIкIэ псыудз зэмылIэужьыгъуэ псори къызэщIрагъэубыдэу аращ жаIэр беслъэней адыгэхэм.

Мэлмыт! - Уарпрэ Тэджэн щIыкIурэ я зэхуакум ит щIыпIэм и цIэщ.

Нащэмамэ - хъуэан лIэужьыгъуэщ.

Нащэпластэ - хъуэан лIэужьыгъуэщ.

Нащэфо - хъуэан лIэужьыгъуэщ.

Нэшу - къоплъу умыщIэну, ауэ и хъуреягъкIэ къыщIхъуи щыщу зы блэмыкIыу зыльагъум апхуэдэу йоджэ.

Ныджэбэкъу I - ныджэр псы къытелъэдам тIууз щызэпхритхькIэ, диха къуэ бэкъу лъэужьым апхуэдэу йоджэ.

Ныджэбэкъу II - Тэджэн тIуащIэ щыIэ щIыпIэм и цIэщ.

Псыбгъундж//псыбгъунж - псэущхьэ щIагъуэ къызхэмыльагъуэ псы е псыежэхым щыщ зы щIыпIэ.

Псыгъу - щIымахуэм ушкIуэрашкIуэу ежэхыу, гъэмахуэм игъущкIыж псыежэх щIыкIум беслъэней адыгэхэр аращ зэреджэр.

Пхалъэ - гъуэнщэдж, жьхуэтIэращ.

ПIавэ I - ади ани ящхьэщыжьмытыжу зеинщэу кьэнахэм я щхьэ ирапIыжьыщ, жаIэу кIуажэ унафэкIэ хуах щIы Iыхьэм аращ зэреджэр.

ПIавэ II - зеинщэхэм я щIы Iыхьэр зывэ вакIуэхэми аращ зэреджэр.

Там я псысэр Iуэтэн - и Iуэхур диГъэкIын щхьэкIэ, кIыхь щхьэусыгъуэр игъэщIэращIэуэрэ хъыбар пIэзыльхьэм хужаIэ. Беслъэнейхэмрэ тамэмрэ зэхэсащ, зэгъунэгъуащ. Далъэгъуа щэным тельыкIа псалъэщ. Тамэкр пцIы упсынкIэ Iэзэт, жаIэж. Лабэ тIуащIэ кьыдэна гъуэгурыкIуэкIэр лэгъунэжь лъхьэумэ, Там лэгъунэжь зытес пщIы, жаIэурэ лъыхьуэр. И пцIыр зыльэмыIэсыну зэштетэру лъыхьуэр Там лэгъунэжьым щIэупщIэрт, и нэгу зригъэужьын, зигъэпсэхун щхьэкIэ. Сэмэркъэу псалъэщ. Ноби бзэм щIэсыкIуэ.

Тадж - зы Iуэхум къытриГъэзэжк зэпыту, ауэ и кIэм нэс зэхихыну Iэмал хуэзымыгъуэт. «Мыр хъункъым, мыр а Iуэхум и зэфIэхынкIэ и насыП хэлъхьами, кьыпэрыфш», жаIэу, псалъэм хэлъ жьIэгъуэщ.

Тэкурэку - Iэнэгъунэ, Iэгъуэблагъэ, Iэхэльаэхэ, жьхуиIэщ.

Тегуагуэ - мыхъурым ещхь Iэмэпсымэ, пресс-папьЕ.

Тефалэ - IэхъуэгъэтегъэкI, щхьэтегъэцIэфту, жьхуиIэщ.

ТхыльымпIэпсыпс - тхылъымпIэ пIащIэ дыдэ.

ТIамбыр - щIыпIэцIэщ, Тэджэнкъуитым я зэхуакум итщ.

ТIыхъукъуэ - Уарпрэ Тэджэн цIыкIурэ я зэхуакум ит щIыпIэм и цIэщ.

УбэрэпщынI - къэпщын, зыкъыIэтын, къэшэрыбын.

УбэрэпщынII - кьэбэгын.

Хуапхъэ - Iуданэу зэIуащэ цы пхъашэ.

ХуаркIэ - Iуданэу зэIуащэ цы щабэ псыгуабэ.

ХьэбжьэхъынI: сыкъиихьэбжьэхъуащ - къэгъэщIэхъын, жьхуиIэщ.

ХьэбэнI [хьэбэныр мадж] - и мыхьэнэр тхуэзэхэкъым.

ХьэкIыртIэ - щIыгулъ жа, зэхэжьыхьа.

ХьэкIэмауэу - бауэбапщэу, жьхуиIэщ.

ХьэкIэрапкIэу: хьэкIэрапкIэу зыхуIын - нэхъыжьыIуэхэр щызэпсалъэкIэ, зыхуейр зыIэригъэхьэну абыхэм я псалъэм зыкъыдэзэыIу нанум щхьэкIэ хъэкIэрапкIэу зыкъыхуеIу, жаIэ.

ХьэкIэтIий: хьэкIэтIийуэ зэхэлъын - кьабзагъэ зыщIэмыIъ, и пIэм зыри имыIу зэхэтхъэ, жьхуиIэщ.

ХьэпапщэУ: хьэпапщэу къэсын - бауэбапщэу къэсын, жьхуиIэщ.

ХьэрадзI - беслъэней лакъуэлIэщ Куогъуокъуэхэ тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэр аращ.

ХъэрауэI - беслъэней лакъуэлIэщ Куогъуокъуэхэ Iэщхьэтхъэмпэм халъхьэ тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэр аращ.

ХъэращэI - беслъэней лакъуэлIэщ Куогъуокъуэхэ кьуиджэбз пыIэм халъхьэ тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэр аращ.

ХъэщагуI - беслъэней лакъуэлIэщ Куогъуокъуэхэ цIыхуб фащэм и гъунэм кьыдекIуэкI Iудэм халъхьэ тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэр аращ.

ЦIымбын - кIэн джэгум щыщ зы Iэхъугъэщ; кIэныр щадзкIэ и кумбыгъэр и щIыIу кьыдэгъэзеяуэ къэувмэ, кIэныр цIымбауэ аращ зэрыжаIэр.

ЧIэдыгу - хъэблэ, жьхуэтIэращ. Хьэжрэт къэбэрдейхэм «цIэдыгу» жаIэ.

ЩIыбдзэ - тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

ШыпсылъI[э] кхъуей - кхъуей хэхькIэ лIэужьыгъуэщ.

ЩIанкIэ - кIэкIынэ, жьхуиIэщ.

ЩIыгъагъ - тхьипхъэщIыпхъэ лIэужьыгъуэм зэреджэ фIэщыгъэщ.

ЩIыпхъэ лэныстэ - тхьипхъэщIыпхъэ бзыпхъэхэр кьиззэрыхах Iэмэпсымэщ.

Iэгуфэнэщ! - Iэнэщ, зыри зыIэщIэмыIъ.

Iубдзэ - IункIыбзэм иIэ лэдэж цIыкIухэм апхуэдэу йоджэ.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

Топыр тенджэщым ирагъэхьат

● Футбол

«ТIуапсы» (ТIуапсы) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:4 (0:3). ТIуапсы. Школ №6-м и стадион. ЩэкIуэгъуэцIм и 7-м. Еплъыныхэр стадионым ирагъэхьакъым.

Судьяхэр Смирнов (Кисловодск), Фалов (Мэзкуу), Сухарев (Ярославль).

«ТIуапсы»: Хамхоев, Оболенцев, Балаев, Филиппидиу (Никулин, 57), Деменкэ, Туник (Трифонов, 63), Запорожцев (Давыдов, 89), Ковалевский (Гаматов, 63), Цканьян, Кудряшов, Аххилгов.

«Спартак-Налшык»: Антипов, КIэдыкIуей, Шумахуэ, Тебэрды, Ольмезов, Уэрэзей, Бахъсэнокъуэ (Малкандуев, 86), Пащты, Багъэтыр, Хьэшыр (Дзэмыхъ, 76), ХьутIэ.

Топхэр дагъэкIащ: Хьэшырым, 31 (0:1). Бахъсэнокъуэм, 36 (0:2). Багъэтырым, 45 (0:3). Хьэшырым, 59 (0:4).

Дагъуэ къыхуащIащ: Туник, Тебэрдым, Цканьян.

ЗэХЪЬЭЗХУЭМI зэрыщIидзэрэ турнир таблицэм иужь дыдэ увыIэр щызыIыгъ «ТIуапсым» зэрытекIуэнум щэч лъэпкъ къытрахьэртэкъым «Спартак-Налшыкым» дащIхэм. Ахэр зыгъэпсэхупIэ къаламэ кIуат, стадионым зэрырамыгъэхьэнур ящIэ пэтми. ФIыуэ ялъагъу командэм зэрызыщIагъэкъуэн Iэмал абыхэм кьагъэтащ икIи я макъ кьыщыуIу ину къэIуу ар кьызэрыхухьам кIэрыст. Апхуэдизу лIыгъэ къызыкъуэкIаxэм футболистхэми фIыщIэ хуащIыжащ, хэгъэрейхэм я гъуэм жэуапIыншэу топиплI дагъэкIри.

2020 - 2021 гъэхэм я зэпеуэм щIидзэным кущ имыIэжу къызэрагъэпэща «ТIуапсыр» абы хэмыхьэзырыщIу хьыкащ. АдэмыдзкIэ кьраша футболистхэр джэгуПIэ гуБгъуэм зэкIэщIагъэуэ щызэгурыIуэрэкъым икIи иджыри кьэс зы текIуэныгъэ фIэкIа къахуэхьакъым. Зи зэфIэкIхэм иужь зэманым икъуэкIэ хэзыгъэхуа «Спартак-Налшыкым» ахэр зэрыпэщIэмытыбрынур зэIущIэм и япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ наIуэ хъращ.

Сыхьэт ныкъуэщ хэгъэрейхэм зэрызахъуэмэжьфар. АдэкIэ зыр адрейм кIэлъыкIуэу топхэр я гъуэм дыхьэу хуежьащ. Япэр куэдрэ къэмыхъу телыджат. КъыхуэкIуэ топыр къыубыдыж мурадкIэ «ТIуапсым» и гъуащхьэтетыр лъагэу дэлъеящ. Ар къыщIехуэхьажьым фэбжь игъэтащ, зыри къыжьхэзмэныа пэтми. Абы кьыпэгъунэгъу Хьэшыр Алан зыри кьыпэрыуакъым, мыпIащIэу бжьыгъэр кьыщызэIуихым. Мыгувэу Бахъсэнокъуэ Алихьан ар щIигъэбыдэжащ.

Аргуэру зы телъыджв щэбэт кIуам къыщыкъыуащ тенджвэ ФIыцIэм и Iуфэ дыдэм Iут ТIуапсы къалэм и курыт еджапIэхэм ящыщ зым и стадионым. Багъэтыр Тимур джэгупIэ губгъуэм и кум иту топыр къыщыIэрыхьам, мы зэIущIэм «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм и кьулыкъур щызыгъэззэщIа Битокъу Тимур кьегуоуащ «Гъуэм еуэ!», жери. ПIъэмэ, «ТIуапсым» и гъуащхьэтетыр жьыжьэу абы кьыдэкIуэтат. Метр хьщI хуэдизкIэ пэIэщIэ пэтми, Тимур и кьару кьыззрихькIэ гъуэм еуащ икIи Хамхокъуэ лъэмыIэсу топыр хъым кьыщыхуатащ.

ХэгъэрейхэмI я кьару кьызэрихькIэ захъуэмэжьыр икIи топыр дэнэ яхуми ядэрт, я гъуэм дэмыкI кьудеймэ. Зы Хамхокъуэ ящыщ зым «ТIуапсым» и гъуащхьэхъуэмэ Деменкэ Максим гужьеяуэ абы лъэщу еуащ икIи, ар стадионым щхьэпрыльтэкIри, тенджвэ ФIыцIэм хэхуащ. Дауи, псы щIыIэм хьхьэу топыр кьыззэхьжьыжьыж кьаахэкIатэхьажьми, хуэм дыдэзэрэ хьэфэ хьэпшыпIэ Iуихащ, хьIпIхэм тыгъэ захуищIу.

АрщхьэкIэ абыи тIуапсыдэсхэр кьриГъэлакъым. Тенджвэзым ихьа топым и пIэ нэгъуэщI кьрагъэуващ икIи джэгум кьыпащащ.

Джэгум и япэ Iыхьэм кьриубыдэу 3:0-у я хьэрхуэрэгъуэхэм ящхьэщыкIа налшыкдэсхэр абдежьым къыщыувыIэми хъунут. АрщхьэкIэ зыкъагъэIэсхъаькъым. 59-нэ дакъикъэм Хьэшыр Алан аргуэру кьыхэжанькIри, кIэух бжьыгъэр 4:0-м нигъэсащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгуГъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Форте»** (Таганрог) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **1:1**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **0:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«ЕсэнтIыгу»** (ЕсэнтIыгу) - **2:1**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **2:0**, **«Интер»** (Черкесск) - **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **0:4**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **2:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **0:1**.

«Спартак-Налшыкым» кьыкIэлыкIуэ джэгуГъуэр щэкIуэгъуэм и 14-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэм кьрагъэблагъэгъ-нущ ПсыхуабэрэI «Мэшыкъуэ-КМВ»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Кубань-Холдинг»**	**14**	**10**	**2**	**2**	**27-9**	**32**
2.	«Кубань»	14	10	1	3	36-15	31
3.	«Легион Динамо»	13	8	5	0	28-7	29
4.	«Черноморец»	13	8	2	3	19-9	26
5.	СКА	13	8	1	4	25-15	25
6.	«Анжи»	13	6	4	3	23-15	22
7.	**«Спартак-Налшык»**	**13**	**6**	**3**	**4**	**23-17**	**21**
8.	«Форте»	13	5	3	5	23-15	18
9.	«Динамо-Ставрополь»	13	5	3	5	18-18	17
10.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	13	5	2	6	19-23	17
11.	«Мэхъэчкъалэ»	13	4	3	6	16-23	15
12.	«Дружба»	13	4	3	6	15-28	15
13.	«Краснодар-3»	14	4	2	8	19-28	14
14.	«ЕсэнтIыгу»	13	3	2	8	20-26	11
15.	«Биолог-Новокубанск»	13	3	2	8	17-26	11
16.	«Интер»	13	2	2	9	13-37	8
17.	**«ТIуапсы»**	**13**	**1**	**1**	**11**	**16-46**	**4**

ЩэкIуэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и Япэ гуп

ЕпщыкIутхуанэ джэгуГъуэ
�щэкIуэгъуэм и 13
(мэрем)
«Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - «ТIуапсы» (ТIуапсы)
ЩэкIуэгъуэм и 14
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Форте» (Таганрог)
«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Интер» (Черкесск)
«Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) - «Кубань» (Краснодар)
«Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ)
«ЕсэнтIыгу» (ЕсэнтIыгу) - СКА (Дон Iус Ростов)
«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Дружба» (Мейкъуапэ)

ЕпщыкIуханэ джэгуГъуэ
ЩэкIуэгъуэм и 21
(щэбэт)
«Форте» -
«Спартак-Налшык»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Анжи»
«Дружба» - «Черноморец»
«ТIуапсы» - «Динамо-Ставрополь»
«Краснодар-3» (Краснодар) - «Кубань-Холдинг»
«Интер» - «Мэхъэчкъалэ»
«Легион Динамо» - «ЕсэнтIыгу»
СКА - «Биолог-Новокубанск»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
ПIощIрэ ещанэ джэгуГъуэ
ЩэкIуэгъуэм и 14
(щэбэт)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Налшык» (Налшык)
«ШэджэмI-2» (ШэджэмI ЕтIуанэ) - «ИслъэмIей» (Ислъэмей)
«Спартак-Д» (Налшык) - «Нарт» (Нарт къалэ)
«ХьэтIохъуащIыкIуей» (ХьэтIохъуащIыкIуей) - «Энергетик» (Прохладнэ)
ЩэкIуэгъуэм и 15
(тхьэмахуэ)
«ШэрджэсI» (ШэджэмI) - «Тэрч» (Тэрч)
«Инал» (Къэрэгъэщ) - «Бахъсэн» (Бахъсэн)
«Къундетей» (ШэджэмI ЕтIуанэ) - «Малка» (Малкэ)
«Урыху» (Урыху) - «Родник» (Псынэдахэ)

Зэзыгъэзэхуэжьыгъэхэр

ЩэкIуэгъуэм и 7-м къыдэкIа «Адыгэ псалъэ» газетым и етIуанэ напэкIуэцIым тета «ТекIуахэмрэ хагъэщIахэмрэ зохъуажьэ» тхыгъэм и кIэух абзацым щыщ Iыхьэм къызэреджэн хуейр: **«ИслъэмIей»** (ИслъэмIей) - **«ХьэтIохъуащIыкIуей»** (ХьэтIохъуащIыкIуей) - **1:5**.

Беслъэней къуажэу Кургъуокъуей и зы теплъэгъуэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, НэщIэныджэ Заминрэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ**

Газетым хэтыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэ